



The Path Forward

Pwojè Vèsyon pou Granmoun Echèl® Entansite Soutyen, 2yèm Edisyon (SIS-A®, 2yèm Ed.) Kesyon yo Poze Souvan yo

KESYON	REPOS
ENFÒMASYON JENERAL	
Kisa SIS-A®, 2yèm Ed. an ye?	<p>Echèl Entansite Soutyen -Vèsyon® pou Granmoun, 2yèm Edisyon (SIS- A®, 2yèm Ed.) se yon zouti valid e ki fyab yo itilize pou idantifye bezwen soutyen an yo. Evalyasyon sa a fèt epi prezève pa Asosyasyon sou Andikap Entèlektyèl ak Devlopmantal yo (AAIDD).</p> <p>Evalyasyon an detèmine frekans, kantite, ak tip soutyen ki nesesè nan zòn ki vin apre yo: Aktivite Nan Kay, Aktivite Sante ak Sekirite, Aktivite Nan Kominote, Aktivite Sosyal, Aktivite Aprantisaj tout Lavi, Aktivite Travay, Aktivite Defans Jiridik. Evalyasyon an mezire nesesite Medikal Eksepsyonèl ak Konpòtmantal soutyen an.</p>
Ki jan SIS-A®, 2yèm Ed. an mezire bezwen soutyen an?	<p>Konseye SIS-A®, 2yèm Ed. an itilize yon fòm entèvyou pou poze yon pakèt kesyon ki konsantre sou ki soutyen yon moun bezwen pou l patisipe ak siksè nan vi kominotè. Yon moun ki kalifye pou fè entèvyou fè entèvyou a avèk moun ki gen Twoub Koze pa Mank Yòd (IDD) oswa Otis ak lot moun ki byen konnen moun nan. Nòmalman SIS-A®, 2yèm Ed. an pran 2 a 3 èdtan pou rasanble enfòmasyon yo bezwen an epi konplete l ann antye.</p>
Ki jan nòt SIS-A®, 2yèm Ed. an pral reflete bezwen ki pi konplèks yon moun genyen?	<p>SIS-A®, 2yèm Ed. an poze kesyon tou konsènan bezwen eksepsyonèl soutyen medikal ak/oswa konpòtmantal yon moun. Mete sou sa, Enstiti Sèvis Rechèch yo Fè sou Moun (HSRI) ak Depatman Sèvis Devlopmantal (DDS) te travay ansanm pou kreye kesyon konsènan bezwen soutyen medikal ak/oswa konpòtmantal ki presi a popilasyon DDS nan Massachusetts.</p>
Ki kote mwen ka aprann aprann plis konsènan evalyasyon SIS la?	<p>Asosyasyon Ameriken sou Andikap Entèlektyèl ak Devlopmantal (AAIDD) gen resous ki disponib sou sitwèb yo a ou ka jwenn la a.</p>
E si mwen ta bezwen yon aranjman tankou yon entèprèt?	<p>W ap kapab mande yon aranjman lè w reponn a yon sondaj y ap voye pou ou nan yon imèl oswa lè w pale ak yon manm DDS k ap rele w pou planifye evalyasyon w nan.</p>
Èske AAIDD pèmèt yo wè kesyon SIS-A®, 2yèm Ed. yo alavans?	<p>Nou pa kapab pataje kesyon SIS-A®, 2yèm Ed. yo alavans, sepandan, DDS ap voye enfòmasyon pou ede w prepare w pou evalyasyon an.</p>

The Path Forward

Pwojè Vèsyon pou Granmoun Echèle® Entansite Soutyen, 2yèm Edisyon (SIS-A®, 2yèm Ed.) Kesyon yo Poze Souvan yo

Ki jan e poukisa DDS chwazi SIS-A®, 2yèm edisyon an?	DDS deside chanje soti nan zouti evalyasyon aktyèl nou an, Evalyasyon ak Plan Pèsonèl Konplè (ICAP) la, pou youn ki pi modèn, sistèm evalyasyon ki santre sou moun nan ki valid e ki fyab. DDS poste yon Demann Repons (RFR) pou achte yon zouti evalyasyon yo rekonèt nan nivo nasyonal e ki valid ki, pamì lòt egzijans yo, <ul style="list-style-type: none">• idantifye bezwen soutyen moun yo nan yon apwòch ki baze sou fòs ki santre sou moun nan,• konfòm a pi bon pratik modèn yo e nan yon fòma ki santre sou moun nan,• disponib nan, oswa pou tradiksyon nan, lòt lang,• itilize yon platfòm ki baze sou wèb pou konpile ak ekspòte done, epi• gen kapasite pou pèsonalize faktè siplemantè yo pou reponn a bezwen presi Massachusetts yo.
Kiyès ki ta dwe vini nan evalyasyon an?	Yon evalyasyon SIS se yon rankont avèk yon konseye ak omwen de moun (repondan yo) ki konnen anpil bagay sou bezwen soutyen kotidyen moun nan. Yo ankoraje moun ki pral pase evalyasyon an pou asiste l e patisipe. L ap fèt nan yon anplasman prive e li dire 2 a 3 èdtan.
FAZ 1 PWOJÈ – Regwouzman Done Otonòm	
Ki objektif faz pwojè sa a?	DDS ap travay avèk AAIDD ak HSRI pou reyalize 500 evalyasyon. Evalyasyon sa yo ap bay done ak enfòmasyon pou ede nan devlope yon kad bezwen soutyen pou afektasyon bidjè endividiyèl ki otonòm yon fason pou n ka asire resanblans, transparans, ak entegrite.
Ki wòl HSRI nan pwojè sa a?	HSRI se yon konseye ki kontrakte pa DDS pou devlope yon kad Nivo Soutyen lè l evalye enpòtans yon bezwen soutyen endividiyèl, pandan l ap kontabilize tip rezidans yo ak gwoup laj yo pandan l ap akòde sou tip ak kantite sèvis yo pral atribiye moun yo an jeneral. Nan pwochen faz pwojè sa a, yo pral itilize kad Nivo Soutyen an pou kreye pwosesis yon bidjè ki transparan, lojik, e ki egzak atravè eta a.
Ki jan DDS idantifye inisyal 500 moun yo pou evalyasyon SIS-A®, 2yèm Ed. an?	DDS travay an kolaborasyon avèk HSRI pou idantifye yon echantiyon vag de patisipan otonòm. Nou chwazi baze echantiyon an sou ki pwogram moun nan enskri e nan ki rejon yo viv pou n ka parèt avèk yon vrè echantiyon patisipan ki vag.

The Path Forward

Pwojè Vèsyon pou Granmoun Echèle® Entansite Soutyen, 2yèm Edisyon (SIS-A®, 2yèm Ed.) Kesyon yo Poze Souvan yo

	Done nou rasanble owaza yo ap mennen nan plis resanblans, transparans, ak entegrite nan sèvis otonòm yo atravè tablo a.
Si yo chwazi m nan echantyon an, èske m oblige patisipe?	Patisipasyon an volontè. Sepandan, patisipasyon w se kle pou asire DDS la gen yon reprezantasyon konplè de varyete moun nou soutni nan otonomi.
Èske yo pral itilze evalyasyon y ap fè pou mwen/manm fanmi m nan faz pwojè sa a (2023/2024) pou detèmine afektasyon bidjè endividyle mwen an?	Evalyasyon sa a pap gen yon enpak sou plan soutyen endividyle aktyèl mwen an oswa afektasyon bidjè m nan (2023/2024). Enfòmasyon sa yo yo rasanble nan faz pwojè sa a ap sèlman la pou bay done yon fason pou DDS kreye yon Kad Nivo Soutyen. Patisipasyon w nan pwojè sa a ap ede nou nan travay sa a epi asire fyabilite pwoesis final nou an.
Èske se pou sèvis otonomi moun sèlman y ap itilize SIS-A®, 2yèm Ed. an?	Pandan faz sa a nan pwojè a, DDS ap ranmase done sèlman nan men moun ki fè sèvis yo poukont yo. Yon fwa DDS revize done li ranmase nan Faz 1 an, DDS pral detèmine pwochen etap pwojè a. Nan ane k ap vini yo, DDS antisipe lè i itilize SIS-A®, 2yèm Ed. an pou tout moun nou sèvi.
ENFÒMASYON AK RESOUS KONTAK	
Ki jan pou m kontakte yon moun si mwen ta gen plis kesyon?	Ou ka voye yon imèl ban nou nan: SISatDDS@mass.gov
Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon konsènan Pwojè Path Forward SIS-A a nan Eta Massachusetts?	Ou ka jwenn resous ak enfòmasyon nan sitwèb Path Forward la. N ap kontinye mete enfòmasyon yo ajou sou sitwèb sa a toutpandan pwojè a ap avanse.